

This flyer was translated by the Haitian American Museum of Chicago



Tout moun Ozetazini gen dwa, kelkeswa stati imigrasyon yo genyen.
Enfòmasyon sa yo ka ede ou pwoteje tèt ou ak fanmi ou epi defann dwa ou.

1. Kreye yon plan sekirite

- Idantifye moun ou konnen ou ka kontakte si ou gen ijans epi sonje nimewo telefòn yo.
- Bay lekòl oswa gadri pitit ou non ak nimwo on moun ki pou vin cheche pitit ou sizoka.
- Ekri yon lèt ki otorize moun sa a pran desizyon medikal ak legal pou pitit ou.
- Di moun ki pwòch ou yo sa: si ajan imigrasyon ta arete ou, yo kapab eseye localize ou gras a zouti an liy biwo imigrasyon an yo ka jwenn nan lyen sa a: <https://locator.ice.gov/odls/#/search>
- [Read more about guardianship considerations for immigrants in Illinois](#) Fè rechèch sou posibilite ki egziste pou yon moun vin responsab pitit ou pou sa ki gen awè ak imigran nan eta Illinois (PDF).
- [Read more about guardianship considerations for immigrants in Indiana](#) Fè rechèch sou posibilite ki egziste pou yon moun vin responsab pitit ou pou sa ki gen awè ak imigran nan eta Indiana (PDF).

2. Defann dwa ou

Tout moun ki Ozetazini gen pwoteksyon Konstitisyon an ba yo, gen dwa pou yo fè silans lè ajan imigrasyon poze yo kesyon oswa arete yo. Wi, sa ka fè w pè lè yon ajan imigrasyon oswa ajan lòt fòs lòd yo kanpe ou nan lari men fòk ou rete kè kal. Lè ou kontre ak yon ajan imigrasyon, fòk ou:

- Rete kè kal epi pa kouri, pa joure, diskite, reziste oswa goumen ak ofisye a menmsi ou panse se vyole li ap vyole dwa ou oswa l'ap arete w yon fason ilegal. Kenbe men ou yon kote polis ka wè yo epi avèti yo si ou ta bezwen pran papye ou nan bwat a gan machin ou oswa nan bous ou.
- Pa bay manti sou stati imigrasyon ou ni tou pa bay fo papye
- **Si yo kanpe ou pandan ou ap kondui:** mande ofisye a si se yon ajan polis oswa yon ajan imigrasyon li ye. Ajan imigrasyon gen tandanspou yo prezante tèt yo tankou se polisye yo men yo pa ajan lapolis. Mande yo si se Ajan Imigrasyon ak Fwontyè oswa Ajan Pwoteksyon Fwontyè ak Dwàn.
 - **Si ou se yon sitwayen Ameriken oswa ou gen yon stati imigrasyon legal:** montre ajan an paspò ou, kat vèt ou (grinkad), pèmi travay ou, oswa nenpòt lòt dokiman ki pwouve ou legal nan peyi a. Si ou gen plis pase 18 lane, toujou gen papye ou sou ou.

- **Si ou pa gen papy eki pwouve stati imigrasyon legal ou:** ou gen dwa pou ou fè silans epi ou pa oblije diskite de stati imigrasyon ou oswa stati ou kòm sitwayen ak lapolis, ajan imigrasyon oswa lòt otorite ofisyèl. Tout sa ou di yo kapab jwe kont ou nan tribinal imigrasyon.
- **Si yon ajan frape nan pòt ou:** pa ouvri pòt la. Aprann pitit ou pou yo pa ouvri pòt ba pèsòn. Ajan yo dwe gen yon manda yon jij siyen pou yo kapab antre lakay ou. Manda Imigrasyon yo pa dokiman jij siyen; se fòmilè Ajan imigrasyon yo siyen e papyè say o pa bay o dwa pou yo rantre lakay ou san ou pa bay o pèmasyon pou sa.
- **Si ou na lari epi ou sispèk gen ajan imigrasyon tou pre ou:**
 - Chèche mete kò w nan yon kote ki an sekirite
 - Si ou se yon sitwayen Ameriken epi ou santi ou an sekirite, filme sa k ap fèt la ak telefòn ou oswa ekri nenpòt enfòmasyon sou sa ou asiste a – TOUJOU fè pridan pou ou pa deranje oswa fè obstak ak sa ki ap fèt la
 - Piga:
 - Ou poste enfòmasyon ki pa verifye sou rezo sosyo
 - Ou entèpoze ou nan sa ki ap fèt la oswa mete lavi ou an danje

Si ou bezwen èd:

Èd 24è sou 24: Rele Kowalisyon Illinois pou fanmi Imigran ak Refijye (ICIRR) nan at 1-855-HELP-MY-FAMILY (1-855-435-7693). Pou plis resous/èd ale sou: <https://www.icirr.org/community-resources>

Sèvis legal NIJC pou Illinois ak Indiana: moun ki rete nan vil Chikago elijib pou yo jwenn sèvis legal gratis nan men NIJC atravè Fon Pwoteksyon Legal Vil Chikago. Imigran nan eta Illinois ak Indiana kapab jwenn konsiltasyon legal a ba pri oswa gratis nan men NIJC. [City of Chicago Legal Protection Fund](#)

Monte sou lyen sa a oswa skane kòd QR sa a pou ou kapab wè paj sa a sou sit nou an:

<https://immigrantjustice.org/know-your-rights/know-your-rights-if-you-encounter-ice>



/ImmigrantJustice



@nijc



[Immigrantjustice.org/action](https://immigrantjustice.org/action)



/ImmigrantJustice



National Immigrant
Justice Center



[Immigrantjustice.org/donate](https://immigrantjustice.org/donate)